

# ENSTRIKSYON POU MOUN K AP OKIPE TIMOUN SOU KOUMAN POU CHANJE KOUCHÈT AN TOUT SEKIRITE E DEFASON IJYENIK



1. Lave men w epi mete gan.  
Asire w tout sa w bezwen yo  
byen òganize epi sou lamèn.




2. Kouvri pati pou met kouchèt  
la avèk nouvo papyè.



3. Retire kouchèt sal la.



4. Jete kouchèt sal la nan yon  
bwat poubèl ki fèt pou kouchèt  
sal e ki gen yon kouvèti.



5. Netwaye dèyè timoun nan byen  
netwaye. Lèfini, mete yon kouchèt  
pwòp ak rad sou timoun nan.



6. Jete gan yo epi lave  
men w byen lave.



7. Netwaye men timoun nan.  
Li pi bon pou lave men w  
avèk savon ak dlo.



8. Netwaye epi dezenfekte seksyon  
kote ou chanje kouchèt timoun nan.  
Lave men w ankò lè w fini.

**KENBE TIMOUN YO ANSEKIRITE EPI AN BÒN SANTE.  
PIGA OU JANM KITE TIMOUN YO POUKONT YO.**